**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 26 май Рузман №22 (7783) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Нух битIаги нужее, выпускникал!

**Кьоло кIиабилеб маялда районалъул школазда тIоритIана школа лъугIун унезе ахирисеб цIумур кьабиялъул рохалилал тадбирал. Исана районалъул школаз къватIиве виччалев вуго 11 классалъул 75 ва 9 классалъул 234 выпускник. Кидаго гIадин исанаги гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул ва лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъаби, районалъул депутатал ва бакIалъулал администрациябазул бутIрул.**



**АГЪВАЛИ.** Исана Агъвали гимназиялъул анцIила цоабилеб классалъул кьоло ункъо выпускникасе кьабуна ахирисеб цIумур.

Рохалилаб тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул заместитель МухIамад Сиражудинов, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулей Зайнаб ГIабдусаламова, райадминистрациялъул спорталъулгун туризмалъул ва гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасиров, районалъул централизациялъулаб бухгалтериялъул нухмалъулев Арсен Сажидов.

Берцинго кьачIараб гимназиялъул азбаралде анцIабилеб классалъул цIалул церехъаби Аминат МуртазагIалиевалъун Фатима ЖахIбаровалъ цIаралккун ахIун цере рачIана выпускникалгун гьезул нухмалъулел Зайнаб ГIалиева ва ПатIимат СилахIудинова.

Выпускниказдехун баркиялъулаб кIалъайгун цеве вахъарав школалъул директор Муслим ВахIидовас гьезда баркана гимназиялда гьабулеб цIали лъугIи, гьарана анищал тIурай ва пачалихъиял экзаменал кьеялъулъ икъбал. ЦIалулъ ва спорталъулъ рихьизарурал лъикIал хIасилазухъ, гьединго гимназиялъул жамгIияб гIумруялъулъ гьабураб жигараб гIахьаллъиялъухъ грамотабаздалъун кIодо гьаруна выпускникал.

Гьезие баркиялъулаб кIалъай гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудиновас. Гимназиялъул цIалул рахъалъ директорасул заместитель Саида ШугIайбовналъ республикаялъулал конкурсазда ва олимпиадабазда рихьизарурал лъикIал хIасилазухъ гIарцулал премиябаздалъун кIодо гьаруна гимназиялъул учительзаби: ПатIимат Зиявдинова, Мадина ХIайбулаева, СалихIат ГIумарова, Хатима ХIасанова, Хадижат ХIамидова, МухIамад ХIайбулаев, ПатIимат МухIамадова ва цогидалги. Гьединго выпускниказегун цIалдохъабазеги кьуна гIарцулал премияби ва грамотаби.

Гьединго школа лъугIулезе насихIаталъулал кIалъаял гьаруна Зайнаб ГIабдусаламовалъ ва Арсен Сажидовас.

Лъайкьеялъул управлениялъ гIарцулал сайгъатаздалъун кIодо гьаруна выпускникал- Диана Гъазиева ва Сулейманова Макка. Жидерго рахьалъан выпускниказ баркала загьир гьабуна тIоцересел учительзаби ПатIимат Шамсудиновалъе ва Киланат МухIамадовалъе, гьединго батIи-батIиял дарсал кьурал предметниказе. Гьарана гьезие бачIунеб гIел куцазе щулияб сахлъи, халатаб гIумру, сабру, талихI, ва гьаруна гьезие ракIалде щвеялъе сайгъаталги.

Умумузул рахъалъан школа лъугIун унезда байрам баркун ва учительзабазе баркала загьир гьабун кIалъай гьабуна КIочали лъималазул ахалъул хIалтIухъан выпускницаялъул эмен Рамазан ГIабдусаламовас.

Цинги кьер-кьерал тIугьдузул квацIабигун тIаде щвана байрамалъе хасаб берцинлъи кьурал тIоцебесеб классалъул цIалдохъаби. Гьезги выпускниказдаса жидер бугеб чIухIи ва рохел загьир гьабуна, гьездаса мисал босун лъикI цIализе ва гимназиялъул цIар борхатго ккезе рагIиги кьуна, гьаруна цоцазе сайгъатал ва рахьана ракIалдещвеялъе сураталги.

Тадбиралъул ахиралда выпускниказе кьабуна ахирисеб цIумур.

Рохалилаб тадбиралъе хасаб берцинлъи ва чIагольи кьуна культуралъул хIалтIухъан Мадина Расуловалъул, байбихьул классазул цIалдохъан ГIалимухIамадова Сафиятил ва «Непоседы» кьурдул ансамблялъул церерахъиназ. Байрамалъе ахир лъуна миллияб кьурдудалъун.

**Ахирисеб цIумуран цIакъ рохун руго лъимал**

**Улкаго бохараб кьо, кьалъ -кьалъун гвангъун буго.**

**ЛъикIаб гIумру кьегиян, кьералъ чIун руго улбул**

**Бер ккеледухъ кисанго, кквацIаби тIогъол руго.**

**ГIелму-тарих хириял, цIияб гIумру битIарал,**

**ТIолго хIукумат ккурал хIакимзаби рахьаги.**

**РекIел мурад тIубарал, гIураб ВатIан тIегьарал.**

**ТIоцебе иман лъурал лъикIал лъимал лъугьаги.**

Нух битIаги нужее, хирият выпускникал!

# Нух битIаги нужее, выпускникал!

1

**ГЬИГЬАЛЪ.** Радалго рохалилаб ахIвал-хIал букIана Гьигьалъ росдал школалъул азбаралда. Берцинго ретIа-къан, кодор тIугьдузул кващIабигун мухъалда чIун руго тIоцебесеб классалъул цIалдохъаби ва гьезие сайгъаталгун классалъул анцIила щуго цIалдохъанас кьезе руго школа лъугIун кватIире риччаялъул пачалихъиял экзаменал.

Выпускниказда ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам баркун кIалъазе вахъарав цIалул рахьалъ



выпускникал. Азбаралъул цояб рахъалда гьурмада рохалилаб гьимигун руго гьездаса рохарал эбел-эменги.

СагIат анцIгоялда рагьана школа лъугIун унезе ахирисеб цIумур кьабиялъул рохалилаб тадбир. Выпускниказда рохалилаб байрам баркун ва экзаменал кьун бажари гьарун баркиялъулаб кIалъайгун тадбир рагьана школалъул директор МухIамад МухIамадкеримовас.

Жиндирго кIалъаялъул ахиралда школалъул директорас выпускниказе гьаруна нух битIиялъе малъа-хъваял.

Исана Гьигьалъ школалъул анцIила цоабилеб классалъул щуго цIалдохъанас ва ичIабилеб школалъул директорасул заместитель МухIамад АбутIалибовас школалъул дирекциялъул ва росдал администрациялъул рахьалъан грамотабигун гIарцулал сайгъатаздалъун кIодо гьаруна олимпиадабазда ва конкурсазда бергьарал ва призальулал бакIал ккурал цIалул церехьаби ва спортсменал.

Тадбиралда гIахьаллъарав лъайкьеялъул управлениялъул методист МухIамад ХIажиевас школалъул коллективалда ва эбел-инсуда баркана байрам, цо-цо мугIалимзабазе ва цIалдохъабазе лъайкьеялъул управлениялъул рахьалъан кьуна грамотабигун сайгъатал.

* * *

**ГЬАДИРИ.** Исана Гьадири гIаммаб лъайкьеялъул школалдаги цIакь берцинго ва аваданго тIобитIана 9 классалъул цIалдохъабазе ахирисеб цIумур кьабиялъул рохалилаб тадбир. Гьенир лъайкьеялъул управ-




лениялъул вакил хIисабалда гIахьаллъана гIолилазулгун лъималазул спортивияб школалъул методист Шамил Сажидов ва райадминистрациялъул финансовияб отделалъул хIалтIухъан ХIажи ГIисаев.

Гьадири росдал школалъул директор МухIамадгIали ГIабдулхIалимовас ичIго класс лъугIун унезда баркана ахирисеб цIурмил байрам, гьарана хадубккунги росу чIухIараллъун лъугьин ва жидее лъай-тарбия кьурал мугIалимзабиги кIочонгутIи.

-ИчIго класс лъугIарал выпускникал ГьазимухIамадова Айкат, Загьидова Макка, Идрисов МухIамадхIажи, Малачева Фатима, Мусаева Аминат, Расулова Хanзадай ккола цIалул церехьаби ва школалъул жамгIияб гIумруялъул жигарал гIахьалчаг1и. Гьел мустахIикълъана школалъул нухмалъиялъул рахьалъан ХIурматиял грамотабазе. РакIракIалъулаб баркала буго эбел-инсуеги кидаго хьолбохь рахъун чIун гьезие квербакъиялъухъ,-ан абуна школалъул директорас.

Гьединго баркиялъулал кIалъаял гьаруна ичIабилеб классалъул нухмалъулей ПатIимат МухIамадовалъ, Шамил Сажидовас ва мугIалимзабаз

Выпускниказе лъикIаб церерахьин гIуцIана гIисинал классазул цIалдохъабаз. Росдада тIад щущан букIана гьезул Расул ХIамзатовасул кучIдул рикIкIунеб гьаракьги ва кьурдул бакьанги.

Тадбиралъул ахиралда тIоцебесеб классалъул цIалдохъабаз насихIатал гьаруна выпускниказе. Гьезги гьитIичазда тIадкъана лъикI цIализе ва мугIалимзабазухъ гIенеккизе.

Цинги гьез цоцаза кьуна байрам ракIалде щвеялъе сайгъатал ва рахьана суратал.

## Ахирисеб цIумур

**(ТIинди росдал гьоркьохъеб школалъул 1973 сональъул выпускниказул насихIат)**

КIикъоялда анцIго сверун ана сон,
Ахирисеб цIумур кьабуралдаса.
Жакъа гIадин берда цебе чIун буго,
АнцIго классги лъугIун къокъунеб заман.

Гьале, выпускникал, жакъа нуж гIадин,
Ниж рукIараб заман ракIалдеги щун,
КIикъоялда анцIилъ сонал аниги,
Нужехъе гьоболлъухъ рачIун руго ниж.

Хириял гьитIичал, жакъа нуж гIадин,
ТIугьдулги кодор ккун, нижги рукIана.
ЛъабкъогогIан сонал ун руго гьоркьор,
Нужер бакIалда ниж рукIаралдаса.

Кире ниж щваниги, щиб ккананиги ,
ГIагараб школаги, гIураб росуги,
Ниж тарбияги кьун гIезе гьарурал,
МугIалимзабиги рекIелъ рукIина.

Гьелги рекIелъ цIунун, битIараб нух ккун,
ХилиплъичIо кирго ниж ВатIаналъе
ГьетI- гьетIарал нухал данде чIваниги,
БиччачIо гьетIизе гIамал- хасият.

Гьалщинал сонаца нижер выпускалъ,
Къадруго цIунана выпускалъул цIар
Кире ниж кканиги, щиб тIад къаниги,
ЯхI - намус бацIцIадго тIубана хъулухъ.

Нужееги нижер насихIат буго,
ГIагараб школаги, гIураб росуги
Кидаго байрахълъун цIунеян абун,
Нужергоги къадру хвезе тогеян.

**МухIамад Коратов,** ТIинди росу.

**Прокурор разъясняет**

## О трудовых гарантиях семьям, имеющим трех и более детей

Государство поддерживает семей, имеющих трех и более детей, практически во всех сферах жизнедеятельности.

Трудовой кодекс Российской Федерации предусматривает гарантии для работников – многодетных родителей.

Так, работникам, имеющим трех и более детей в возрасте до 18 лет, ежегодный оплачиваемый отпуск предоставляется по их желанию в удобное для них время до достижения младшим из детей возраста 14 лет (статья 262.2 ТК РФ).

Кроме того, статья 263 ТК РФ предусматривает, что работнику, имеющему двух или более детей в возрасте до четырнадцати лет, коллективным договором могут устанавливаться ежегодные дополнительные отпуска без сохранения заработной платы в удобное для них время продолжительностью до 14 календарных дней. Указанный отпуск по письменному заявлению работника может быть присоединен к ежегодному оплачиваемому отпуску или использован отдельно полностью либо по частям.

В соответствии со статьями 96, 99, 259 ТК РФ работники, имеющие трех и более детей в возрасте до 18 лет, в период до достижения младшим из детей возраста 14 лет могут привлекаться к работе в ночное время или к сверхурочной работе, направляться в служебные командировки только с их письменного согласия. При этом указанные работники должны быть в письменной форме ознакомлены со своим правом отказаться от работы в ночное время.

Расторжение трудового договора с единственным кормильцем ребенка в возрасте до трех лет в семье, воспитывающей трех и более малолетних детей, если другой родитель (иной законный представитель ребенка) не состоит в трудовых отношениях, по инициативе работодателя не допускается, за исключением отдельных случаев (статья 261 ТК РФ).

**Гаджимурад Арадахов,** заместитель прокурора района

Лъайкьей

## Лъай ва бокье гІагараб ракь

АнцІила анкьабилеб маялда Агъвали гимназиялда тІобитІана мугІалимасул ва насихІатчиясул ЛъагІалида хурхун ва географиялъул дарсал кьолел рукІарал мугІалимзаби ракІалде щвеялъе «Лъай ва бокье дурго гІагараб ракь» абураб викторина.



Тадбиралъул мурад букІана гІун бачІунеб гІелалъул гІагараб ракь ва тІабигІат лъазабиялде кІвар буссинаби. Гьениб аслияб куцалъ бицана районалъул школазда Дагъистаналъул география малъиялъул даража борхизабиялде ва цІалдохъабазул гьелде рокьи бижизабиялде кІвар кьезе ккеялъул. Тадбир рагьулаго ракІалде щвезаруна гьабсагІат нилъгун гьечІел географиялъул мугІалимзаби: Дагъистаналъул мустахІикъав учитель Гьигьалъа МухІамад Канзулаев, Агъвалиса Назират ГІабдулмажидова, ТІадгьаквариса МухІамад ГІусманов, Инхокъвариса ИсмагІил МухІамадов. Гьезул хІакъалъулъ хинал рагІаби абуна гьелгун цадахъ хІалтІулел рукІараз.

Викторинаялда гІахьаллъана Агъвали гимназиялъул, Гъоркьгьаквари, ТІадгьаквари, Гьигьалъ, Лъондода, Хуштада, ТІинди, ТІисси, ТІиссиахикь, Инхокъвари, Къеди, Эчеда ва Метрада школазул цІалдохъаби.

Викториналъул хІасилазда рекъон тІоцебесеб бакІ ккуна ТІинди школалъул цІалдохъан Багъжат МухІамадовалъ (учитель Марина Мукуева), кІиабилеб бакІ-Къеди школалъул цІалдохъан Асма Гъамбулатовалъ (учитель Загърабика Исрапилова), лъабабилеб бакІ щвана Лъондода школалъул цІалдохъан МухІамадсаид МухІамадовасе (учитель МухІамад МухІамадов), ункъабилеб бакІ бикьана Хуштада школалъул цІалдохъан ГІайшат Гъазиевалъ (учитель АсхІаб МухІамадов) ва ТІадгьакварив школалъул цІалдохъан Мадина ГъазимухІамадовалъ (учитель Зарема ГІусманова).

Бергьаразе ва призеразе кьуна рекъонкколел даражаялъул дипломал ва гІарцулал сайгъатал.

**ПатІимат МуртазагІалиева**

Конкурс

## Россиялъул лъимал-ракълие гІоло

Дагъаб цебе халкъалъе хъулухъ гьабулеб районалъул централъ жидеца хъулухъ гьабулел хъизамазул лъималазда гъоркьоб лъазабун букІана «Россиялъул лъимал - ракълие гІоло» абураб конкурс. Гьеб тІобитІана кІиго батІияб номинациялда.

Халгьабиялъул хІасилазда рекъон «Бищун лъикІаб сурат» абураб номинациялда тІоцебесеб бакІ ккуна Агъвали гимназиялъул 9 классалъул цІалдохъан НасухІова Алипат, кІиабилеб бакІ щвана Гъоркьгьакварив школалъул 5 классалъул цІалдохъан МухІамадова Марьям ва лъабабилеб бакІалъе мустахІикъльана ТІадгьакварив школалъул 8 классалъул цІалдохъан ГІабдусаламова Амина.

«Солдатасухье кагъат» абураб номинациялда лъикІаблъун рикІкІана Агъвали гимназиялъул цІалдохъаби тІоцебесеб бакІ кураб 5 классалъул цІалдохъан НасухІова Хадижатил ва кІиабилеб бакІалде ккарав 6 классалъул цІалдохъан ХІасанов СаидахІмадил хІалтІаби.

Конкурсалда бергьаразе кьуна грамотаби ва сайгъатал.

**Зайнаб ГІабдулмуслимова**

Эркенаб гугари

## МухІамадшапи ЖахІбаровасул призазе турнир

Дагъаб цебе Шаваялъул гІаммаб лъайкьеялъул школалда тІобитІана «ЦОДОУ ЗОЖ» ГКУялъул нухмалъулев МухІамадшапи ЖахІбаровасул призазе эркенаб гугариялъул рахъалъ рагьараб турнир. Гьенир хІурматияв гьалбал хІисабалда гІахьаллъана живго МухІамадшапи ЖахІбаров, Гьизляр районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Нурудин Къагьиров, «ЦОДОУ ЗОЖ» ГКУялъул тІадеги лъайкьеялъул централъул нухмалъулев Сурхай Гьиматов, Дагъистан Республикаялъул регбиялъул тІасабищараб командаялъул бетІерав тренер МухІамад ХІажимухІамадов, Россиялъул регбиялъул тІасабищараб командаялъул бетІерав тренер Максим Любимкин, Шава росдал администрациялъул бетІер ГъазимухІамад ХІажимухІамадов.




Турниралда гІахьаллъана нусиялда ункього гугарухъан. Гьениб гІахьаллъараб Шава росдал командаялъул ккана хадур рехсарал хІасилал:

**28 кг.** 1. МухІамад ХІусенов, 3. МухІамад ГІумаханов, **29 кг.** 2. ЗайнулгІабид ХІажиев, 3. МухІамад ХІажимухІамадов, **3І кг.** 1. МухІамад МухІамадрашадов, 3. Ибрагьим Гъазиев ва Юсуф Расулов **36 кг.** 1. ХІайдархан Гъайирбегов, 2. ГІисакъ ГІумархІажиев, 3. ГІабдула Хъиличев **41кг.** 2. МухІамад ГІабдулатІипов, 3. Шамсудин Коратов, **48 кг.** 2. МухІамад Биларов, 3. Адам МухІамадов, **60 кг.** 2. Къади Гусаров, 3. Закир Хъаралов **77 кг.** 1. ШагІбан ХІажидибиров, 3. Рамазан МакахІажиев.

Турнир ана гІуцІадго, гугарухъаби ва бала-гьулел разилъуледухъ.

Турниралъул ахиралда МухІамадшапи ЖахІбаровас ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабуна гьелъие спонсорлъи гьабурав Нурудин Къагьировасе.

Гьединго баркала кьуна турнир тІобитІиялъе кумек гьабурал Шава росдал администрациялъул бетІер ГъазимухІамад ХІажимухІамадовасе ва школалъул директор Сидрат НургІалиевалъе.

**ГъазимухІамад ХІажимухІамадов,**
Шава росдал администрациялъул бетІер

## Бизнес цебетІеялъе ругел ресазул бицана

18 маялда Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда тІобитІана Дагъистан Республикаялъул захІматалъулги социалияб цебетІеялъулги министерствоялъул, ДРялъул туризмалъулги халкъияб художествияб промыслабазул министерствоялъул, ДРялъул предпринимательствоялъулгун инветициялъул Агентствоялъул ва бизнесалъе кумек гьабулел цогидаги идарабазул вакилзабигун данделъи.

Данделъиялда гІахьаллъана райадминистрациялъул бетІерасул заместитель Халилула МухІамадов.

Гьенир гІахьаллъана предпринимательствоялъулгун инвестициялъул Агентствоялъул отделалъул консультант Шапи Нуратдинов, «Даглизингфонд» компаниялъул менеджер СуфигІумар Асланов, предпринимателазе кумек гьабулеб ДРялъул Централъул директорасул заместитель Юсуп ТІагьиров, къватІисел улкабазде къайи бичиялъе кумек гьабулеб ДРялъул Централъул аналитик Макъсуд МухІамадов, ДРялъул туризмалъулги халкъияб художествияб промыслабазул министерствоялъул бетІерав специалист-эксперт ГІабдуразакъ ГІабдуразакъов, ДРялъул захІматалъулги социалияб цебетІеялъулги министерствоялъул хІалтІудалъун халкъ хьезариялъул отделалъул специалист-эксперт ИмангІали ИбрагьимхІажиев.

Данделъиялъул мурадлъун букІана районалъул предпринимателазе, СПКабазулгун КФХабазул ва жалго бетІергьанал кумекалъулал магІишатазул бутІрузе кумекалъе ругел пачалихъалъул программабазулгун лъай-хъвай гьаби ва ругел ресазда мунпагІат босизе гьел ахІи.

КІалъазе вахъарав Шапи Нурудиновас гІатІид гьабун бицана республикаялъул предпринимательствоялъул Агентствоялъулгун цадахъаб хІалтІул ругел тІокІлъабазул, бизнес цебетІеялъе ругел ресазул, жидеца гьабулеб кумекалъул.

-БатІи-батІияб программабаздалъун пачалихъалъ кумек гьабулеб буго бизнес цебетІеялъе, амма гІураб къадаралъулаб информация щолеб гьечІолъиялъ, предпринимателазе рес рекъолеб гьечІо ругел ресазда пайда босизе. Нижер мурад буго нужеда гьеб малъи ва бизнесалъе нужее кумек гьаби,-ян абуна Шапи Нурудиновас.

Бизнес цебетІеялъе араб соналъ районалда гьабураб социалияб кумекалъул бицун кІалъай гьабуна социалияб рахъалъ халкъ цІуниялъул районалда бугеб управлениялъул нухмалъулев Арслан МухІамадовас.

Гьединго пайдаял кІалъаял гьаруна щибаб ведомствоялъул вакилзабаз. Бизнесалда хурхун кьурал суалазе чІванкъотІарал жавабалги гьаруна гьез.

Данделъиялъул ахиралда Халилула МухІамадовас баркала загьир гьабуна гьалбадерие пайдаяб данделъиялъухъ.

**Заур Бадрудинов**

РахIат хвараб суал

# ХIалтIизе чи гьечIин абун тIубаладай

Гьаб ахираб заманалда канализациялъул ва гьекъолеб лъим нухде баккун санагIалъи



гьечIеб хIалалде ккун руго райцентралъул цо-цо кьватIал. Квешаб хIалалда буго лъималазул ахалда ва аптекаялда цебе бугеб аслияб кьватI. Гьениб нухде бачIунеб буго канализациялъул лъим, сверухълъиялда бахъун буго квешаб махI. Гьединабго хIал буго щуабилеб кIолихъ ва школалде унеб нухазда. КIигоялдасаги цIикIкIун анкь буго гьенир ругел лъелмухъалзда гьекъолеб лъим нухде баккун.

Гьеб суалалда сверухъ бугеб ахIвал-хIал лъазе ниж щвана Агъвали росдал администрациялъул бетIер Загьид Загьидовасухъе ва райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовасухъе.

Гьезулгун ккарал гарачIвариялдаса нижее баянлъана жакъа къоялде рукъалъулабгун коммуналияб магIишаталда хIалтIизе чи щолев гьечIолъи, цереккун хIалтIулел рукIаралги нахъе ун рукIин.

Агъвали росдал администрациялъул бетIер Загьид Загьидовасул рагIабазда рекъон лъелмухъалда ва канализациябазда хIалтIизе ЖККХаялъул хIалтIухъаби гьечIолъиялъ буго захIмалъулеб. Цо вугев хIалтIухъанги операцияги гьабун больницаялда вегун вуго, лъикIаб харж кьезе къотIи гьабуниги гьечIо гьенив хIалтIизе чи щолев. Гьелъ хутIун букIана лъим кьачIачIого. КIолихъ бугеб лъел жагъаллъаби лъугIизаричIого. КIолихъ букIараб лъелмухъалъул жагъаллъи росдал администрациялъ хIалтIухъабиги ралагъун лъугIизабуна. Школалде унеб



нухдаги хIалтIи гьабизехъин буго тIаде щолеб гьатIан къоялъ, кьватIазда машинабазул хьвади дагъаб заманалда.

Канализациялъул машу борлъизе ахIун букIана цIа свинабулеб машина. Гьелдаги бажаричIого, ахIун буго хасаб канализациялъулаб машина. Гьелдаги кIун гьечIо гьеб борлъизе. Гьанже гьеб кьачIазе гьал къояз ахIизехъин руго Болъихъа гьеб иш лъалел ва IалтIи гьабулел специалистал.

-ГIадамаздаги бичIчIизе ккела жакъасеб къоялъ хIалтIухъаби ралагъизе захIматаб иш букIин. Нижеца ургъел гьабичIого тараб иш гуро гьеб. ГIадамазулги букIине ккела кумек, цIунизе ккела рацIцIалъи. КинабгIаги чIорто-къехь канализациялде рехичIого, рищникъул базе лъурал къалазде жанибе базе ккола. Нилъерго гIадлу ва рацIцIалъи гьечIолъиялъ рачунел руго нилъ гьединал санагIалъи гьечIел ишазде,-ян абуна Халилула МухIамадовас.

БитIараб буго Халилула МухIамадовас абулеб. ЛъикIаб харжги кьун тIамуна хIалтIухъаби рищни-къул бачизе. Дагъалъги хIалтIун, тана чангияс хIалтIи. Абизе бегьула гьанже гьеб рукIалиде бачIун бугилан. ЖККХаялъул хIалтIухъабазеги лъикIаб харж кьезе хIадураб буго росдал администрация, амма хIалтIизе чи щолев гьечIо.

ХIалтIизе чи щолев гьечIин абун тIубаладай нилъ.

**Зульфия Сажидова**

Эркенаб гугари

# ГIали ГIалиевасул турнир

**Лъабго меседил, цо гIарцул ва цо мазгарул медаль щвана нилъер гугарухъабазе Каспийскиялда тIобитIараб турниралда.**

19-21 маялъ Каспийск шагьаралда ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб спорталъул КIалгIаялда тIобитIана эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул щуцIул, СССРалъул ичIцIул чемпион ГIали ГIалиев ракIалде щвеялъе эркенаб гугариялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосеб иргадулаб турнир.

Гьенир гIахьаллъана анцIила щуго пачалихъалдаса кIинусиялда ункъого гугарухъан. Турниралда гIахьаллъарал нилъер районалъул гугарухъабазул щугояв мустахIикълъана медалазе. Кидаго гIадин, балагьаразе бокьулеб гугари бихьизабуна 65 кг. цIайиялда цеве вахьарав ГIабасхIажи МухIамадовас. Финалияб дандчIваялда ракIчIараб бергьенлъиги босун, ГIабасхIажи вахьана турниралъул чемпионлъун.

Гьединго финалияб дандчIваялда дандиясе цониги бал кьечIого турниралъул чемпионлъун вахьана 74 кг. цIайиялда МухIамадхIабиб КъадимухIамадов. 61 кг. цIайиялда гугарулев Метрадаса Башир МухIамадовги вахьана турниралъул чемпионлъун.

86 кг. цIайиялда гIарцулав призерлъун вахьана Хуштадаса ГIумар Зиявдинов, мазгарул медаль щвана 97 кг. цIайиялда цеве вахьарав КIванадаса Шамил Мусаевасе.

Баркула нилъер гугарухъабазда ва гьезул тренеразда бергьенлъаби.

**Заур Бадрудинов**

* * *

# Дагъистаналъул первенство

16-18 маялда Каспийскалда ГIали ГIалиевасул цIаралда бугеб спортивияб КIалгIаялда тIобитIана Россиялъул мустахIикъав тренер МухIамад ГIалигIумаров ракIалде щвеялъе гIолилазда гьоркьоб (U 24) эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул первенство.

Гьенир гIахьаллъарал нилъер районалъул гугарухъабаз рихьизаруна лъикIал хIасилал. Гьезул ункъояс ккуна Элдар АхIмадудинов (65 кг. Кванхи), Шамил ГIалиев (92 кг. КIочIали), ХIажимурад Къадилов (97 кг. Гьигьалъ), МухIамад ГIаличуев (125 кг. ТIинди) ккуна тIоцебесеб бакI.

КIиабилеб бакI щвана 97 кг. цIайиялда Гьигьалъа ГIабдурашид ГъайирбеговасеI, лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Инхокьвариса Рамазан Шамилов (65 кг.).

Баркула гугарухъабазда щварал бергьенлъаби.

**Шамил Бадрудинов**

# Зоналияб къецал тIоритIана

Арал гIодоркьояз Болъихъ спортшколалъул залалда тIоритIана 2007-2008 соназ гьарурал гIисинал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ зоналияб къецал. Гьенир гIахьаллъарал нилъер районалъул гугарухъабазе щвана лъабго тIоцебесеб, цо кIиабилеб ва щуго лъабабилеб бакI.

ТIоцебесеб бакI ккуна Хизриев ГIабдурахIманица (35кг.), ГьитIинмухIамадов Юсупица (57кг.) ва Малачев Ражабица (92кг.). КIиабилев призерлъун вахьана 52 кг. цIайиялда ГIусманов АсхIаб, лъабабилеб бакI ккуна ГIабдулаев ХIабибица (38кг.), Мурадов Мусаца (41кг.), ГIаличуев ГIабдулаца (44кг.), ГIисаев МухIамадица (48кг.) ва КъурбангIалиев ГIабдулнасирица (68кг.).

Бергьарал ва призерал гIахьаллъизе руго июналъул байбихьуда Шамил районалъул ГIурада росулъ тIобитIизесеб Дагъистаналъул первенствоялда.

**Шамил Сажидов**

ММА

## Абубакар НурмухIамадов дандчIвазе вуго Дос Сантосомгун

ТIубанго зударагъалъул чемпионаталъ (UFC) лъазабуна Абубакар НурмухIамадовасда ва бразиялъулав Элизету Дос Сантосомгун букIинесеб зударагъул къеркьей.

ДандчIвай букIине буго 4 июналда сардилъ Невадаялда тIобитIизесеб UFC Vegas 74 турниралда.

Ахираб нухалда Абубакар НурмухIамадов вагъана 2022 соналъул октябралда (UFC 280). Гьениб гьес бергьенлъи босана ХIажи ГIумархIажиевасда тIад.

Лъебералда лъабо сон барав Абубакар НурмухIамадов 21 дандчIваялда 17 нухалъ бергьана, бразилиялъуласул рекорд буго 23 бергьенлъи ва 7 къей.

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Жавабияв секретарь Сажидова Зульфия АхIмадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Щумада район, Кьенгьара росу Заводалъул кьватI, 4

«ЩIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «Щумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета кьватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1491 Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгоIьи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@mail.ru